


MA,

MBEGA ABANA

BAVA HE?





**Agatabu kagenewe abavyeyi: yage n'abana
banyu ivyerekeye urukundo, imigenderanire
hamwe n'ivyerekeye ibitsina**

Harimwo ibibazo 25 abantu bakunda kubaza
hamwe n'inyishu zavyo

UGUSHIKIRIZA

Vyose bihera kuri jewe

Aka gatabu twagatunganije kugira twunganire igitabu c'ishure citwa « Le Monde Commence par Moi », bisigura « Guhinduka Bihera Kuri jewe ». Ico gitabu gifasha urwaruka rufise imyaka iri hagati ya 10 na 18 kugira bashobore gutorera umuti ibibazo vyerekeye urukundo, imigenderanire hamwe n'ibijanye n'ibitsina. Leta y'Uburundi, Ubuholande hamwe n'amashirahamwe CARE International mu Burundi, Rutgers yo mu Buholande hamwe n'igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu (ONU) kijejwe irwirirana ry'abantu (FNUAP) barafashanije mu gutunganya ico gitabu.



Ubushikiranganji bw'Indero, Inyigisho z'Amashure ya Kaminuza n'Ubushakashatsi burakoresha ico gitabu « Le Monde Commence par Moi » kugira bwigishe ibijanye n'ibitsina mu mashure y'Uburundi. Kumbure umwana wawe yoba aronka amakuru yerekeye urukundo, imigenderanire n'ibijanye n'ibitsina mw'ishure ryiwe kubera ico gitabu.

Nimba mufise ibibazo canke mukeneye ibindi vyerekeye
« Le Monde Commence par Moi » mu Burundi, mushobora
kwegera ishira hamwe CARE International au Burundi.



CARE International au Burundi

Ibarabara ryitiriwe Mwezi
Gisabo, Inomero 30
Agasandugu ka posita 6424,
Bujumbura Burundi
InfoBurundi@care.org
Tel: 22 214660

Nimba mufise ibibazo canke mukeneye ibindi vyerekeye
« Le Monde Commence par Moi » muri rusangi, murashobora
kwegera Rutgers:



Rutgers

Arthur van Schendelstraat 696
3511 MJ Utrecht
Ubuholande
info@rutgers.nl
www.rutgers.international/burundi

Iki gitabu cashoboye kuboneka kubera uburyo twahawe
n'ingoma y'Ubuhorande.



Royaume des Pays-Bas



INTANGAMARARA

Ma, mbega abana bava he?

Birashoboka ko umwana wawe akubaza ibibazo bisa n'ico. Kenshi na kenshi abana bashaka inyishu yihuta. Bene ivyo bibazo bishobora gutuma abavyeyi bumva bamerewe nabi.

Ivyo bibazo mwovyishura gute? Umwana w'imyaka 4 womubwira iki? Umwana w'imyaka 10 womubwira iki? Mbega umuntu yokwishura ibibazo vy'abo bana canke yovyirengagiza?

Ntivyoroshe kuvugana n'umwana wawe ibijanye n'urukundo canke ibijanye n'ibitsina. Kandi ntivyoroshe kumenya ivyo wobwira umwana wawe n'imyaka wobimubwirirako. Ariko rero, birakenewe ko uganira n'umwana wawe ibijanye n'urukundo hamwe n'ivyerekeye ibitsina. Ivyo bizomufasha gukurana amagara meza kandi yumva ko afise urweze.

Aka gatabu

Aka gatabu twagatunganirije abavyeyi bafise abana bafise imyaka iri hagati y'2 na 18. Kazobafasha kuyaga n'abana banyu ku vyerekeye gukura hamwe n'ubuzima bujanye n'ivy'ibitsina. Aka gatabu karimwo ibibazo 25 hamwe n'inyishu zavyo, kandi vyose vyerekeye ahanini abavyeyi n'abana babo.

Murafise ibindi bibazo ?

Nimba mufise ibindi bibazo mushaka kubaza, murashobora gushikira amashirahamwe tuvuga mu kibazo ca 25.

CARE International au Burundi na Rutgers Pays-Bas

UMWANA WAVE WOMUBWIRA IKI KANDI WOKIMUBWIRA AFISE IMYAKA INGAHE?



1. Mbega noyaga n'umwana wanje ibijanye n'ibitsina afise imyaka ingahe?

Ubuzima bwerekeye ibitsina burimwo ibintu vyinshi: kuvyara abana, ibishobisho, imigenderanire, kumenya umubiri wawe (ivyo wiyumvira ku mubiri wawe), ibitsina, inyifato n'ingaruka zazo hamwe n'imico myiza. Urashobora gutangura kare cane kuvugana n'umwana wawe ku bibazo bimwe bimwe.

Nk'akarorero, kuva ku myaka 2 canke 3, urashobora kuyaga n'umwana wawe ibijanye n'umubiri wiwe n'ingene abigeme batandukanye n'abahungu. Murashobora kandi kuvugana ivyerekeye ibishobisho, nk'urukundo n'umunezero hamwe n'imico myiza mu muryango (ivyiyumviro n'ivyemerwa bihambaye mu muryango).

2 Mbega nobarira iki umwana ku bijanye no gukura n'ubuzima bwerekeye ibitsina?

Umwana afise imyaka iri hagati y'2 n'3

- Vuga ivyerekeye umubiri hamwe n'itandukaniro riri hagati y'umubiri w'umwigeme n'umubiri w'umuhungu.
- Vuga amazina y'ibihimba bitandukanye vy'umubiri (harimwo n'ibihimba vy'irondoka). Vuga amazina ayariyo yose, nta ngorane. Nta kintu kitagira izina kibaho.
- Ereka umwana wawe urukundo rwa mwe n'uwo mwubakanye. Wewe n'uwo mwubakanye muri akarorero k'uwo mwana.
- Vuga inyifato abantu babona ko ari nziza n'yo babona ko ari mbi mu muryango wawe.

Umwana afise imyaka iri hagati y'4 n'7.

- Vuga ko umwana asamwa igihe urubuto r'umukenyezi ruhiye ruhuye n'urw'umugabo.
- Vuga ibintu bituma haba ubugenzi bwiza.
- Barira umwana wawe yuko ata muntu n'umwe afise uburenganzira bwo gukora ku bihimba vy'irondoka vyawe adashaka, kiretse abavyeyi biwe igihe bagomba kumufasha kwoza ibihimba vyawe vy'irondoka canke umuganga igihe ariko arasuzuma umubiri w'umwana.



Umwana afise imyaka iri hagati ya 8 na 11

- Vuga ibintu bihinduka mu mubiri igihe umwana abaye umuy abaga (igihe umubiri w'umwana uhindutse ukaba umubiri w'umuntu akuze).

Ku bigeme:

Igikiriza hamwe n'ikiyunguyungu birakura; ubwoya buramera muni y'amaboko no hagati y'amaguru; amabere aratutuzwa.

Ku bahungu:

Imitsi irakura, ijwi ryabo rirahinduka rikamera ukundi, ubwoya burakura musu y'amaboko n'iruhande y'ibihimba vy'irondoka vyabo; ubwoya burakura ku gasakanwa no ku munwa wo hejuru.

- Barira umwana wawe yuko mu gihe c'ubuyabaga: umwigeme azoca atangura kuja mu butinyanka ubwa mbere; umuhungu nawe azoca atangura gusohora intanga ubwa mbere (igihe intanga zivuye mu gihimba ciwe c'irondoka) - biba kenshi mw'ijoro asinziriye.
- Vuga akamaro ko kugirira isuku umubiri.
- (Mu bihe bimwe bimwe) barira umwana wawe yuko amasanamu canke amareresi yerekana imibonano mpuzabitsina abaho ariko atakarusho amuzanira.

Umwana afise imyaka iri hagati ya 12 na 16

- Barira umwana wawe yuko ari mwiza. Birakenewe yuko umwana amenya ibijanye n'umubiri afise kuri icyo myaka: umwana arashobora gukunda canke kwanka umubiri wiwe muri icyo myaka y'ubuyabaga.
- Barira umwana wawe ibijanye no kugira ubugenzi n'abandi bantu b'igitsina gitandukanye. Ubwo bugenzi buzohinduka mu gihe c'ubuyabaga. Barira umwana wawe yuko abo bagenzi bashobora kuba abagenzi beza ariko bakirinda kugira imibonano mpuzabitsina.

- Vuga itandukaniro riri hagati y'urukundo no kugira imibonano mpuzabitsina.
- Vuga ibijanye no kwikingira gusama inda.
- Vuga ingene umuntu yobigenza afise ivyipfuzo vyerekeye imibonano mpuzabitsina. Ivyo vyipfuzo birasanzwe kandi umuntu wese arabigira, mugabo kenshi nta ngaruka nziza bigira.
- Umwana wawe ategerezwa kwiga guhwamika ivyo vyipfuzo. Barira umwana wawe yuko ivyo vyipfuzo bishobora kuronka inyishu ibereye mu gihe c'imigenderanire y'abubatse. Ariko umwana wawe ategerezwa kumenya ingene umubiri wiwe ukora.

Urwaruka rufise imyaka iri hagati ya 17 na 19

- Barira umwana wawe yuko kizira kugira imibonano mpuzabitsina adashaka, kandi yuko kizira gukwegera uwundi muntu mu mibonano mpuzabitsina nawe nyene adashaka. Barira umwana wawe yuko imibonano mpuzabitsina iba myiza igihe bose bavyumvikanye (abo bantu babiri bavyemeye), ata musunikano (bagahitamwo kubikora bo nyene ubwabo) kandi igihe ata ngaruka mbi vyobazanira.
- Barira umwana wawe yuko ategerezwa kwikingira we nyene ubwiwe mu gufata ingingo nziza. Hariho ingingo nyinshi abana bategerezwa gufata mu bijanye n'imibonano mpuzabitsina: kugira imibonano mpuzabitsina canke kuyireka; kugira imibonano mpuzabitsina ikingiye; uburyo umuntu yokoresha kugira yikingire gusama inda.
- Barira umwana wawe yuko ashobora kubaza ibibazo vyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina. Mubarire yuko uzomufasha kandi utazomucira urubanza.



3.

Mbega vyoba vyiza umukenyezi avuganye n'umwigeme wiwe umugabo nawe akavugana n'umuhungu wiwe ku vyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina?

Ni vyiza ko umugabo n'umugore bayaga inyerekeye ibitsina n'abigeme hamwe n'abahungu babo. Mugabo ntibishoboka iminsi yose. Nta ngorane iriho igihe umukenyezi ahisemwo kuvugana n'umukobwa wiwe hanyuma umugabo agahitamwo kuvugana n'umuhungu wiwe ivyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina. Igihambaye ni uko umuvyeyi ayaga n'umwana wiwe ivyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina. Abana bipfuzza kumenya vyinshi mu bijanye n'amagara hamwe n'ibijanye n'ibitsina. Igihe abavyeyi batavuganye n'abana babo ibijanye n'ubuzima bujanye n'ibitsina, abo bana bazoronderera ayo makuru ahandi. Bashobora no gukora ibintu batazi neza ico bisigura.

WOGANIRA N'UMWANA WAVE GUTE?



4. Nokoresha imvugo imeze gute?

Ni vyiza cane yuko uvuga ibijanye n'ibitsina wiyuguruye kandi ata muntu ucira urubanza. Igihe umuvyeyi aguma ategeka uwo mwana gusa kandi amuhana kubera amakosa yiwe, uwo mwana ntazokwigera avugisha ukuri. Umwana akeneye kwumva ko ubuzima bwiwe hamwe n'ivyipfuzo vyawe bavyitwararitse, kandi ko mutamucira urubanza. Umwana wanyu ategerezwa kwiyumvamwo ko mumutahura. Ni vyiza ko mwokoresha amajambo asanzwe kandi yumvikana ajanye n'imyaka yiwe.

5. Mbega ntegerezwa kuvugana n'umwana wanjye ibibazo vyose bijanye n'ibitsina?

Abavyeyi bamwe bumva batorohewe no kuyaga n'abana babo ibintu bimwe bimwe bijanye n'ubuzima bujanye n'ibitsina. Uzosanga abavyeyi bamwe bakeneye intererano. Ni co gituma twatunganije aka gatabu. Nimba vyoshika ugasanga uracafise amakenga yo kuyaga n'umwana wawe ibintu kanaka, umwana wawe arashobora kuvugana n'uwundi muntu wo mu muryango canke n'umuntu ajejwe ivy'amagara y'abantu. Ivyo navyo nyene birashobora gufasha umwana wawe. Ntutegerezwa kwiyobagiza ibibazo vy'umwana wawe. Nimwatinya ibibazo bigoye, umwana wanyu nawe azoca yirinda kubabaza ibindi bibazo vyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina.



KUVUGA IBIJANYE N'UMUBIRI HAMWE
N'IMPINDUKA ZIBA MU MUBIRI



6. Umwana wanje ambajije ati: « mbe ni kuki umwigeme yicara ariko umuhungu aguma ahagaze mu kuja ku mwanda muto? » nomwishura gute?

Abakobwa n’abahungu bafise imibiri itandukanye hamwe n’ingingo z’umubiri zitandukanye (ibihimba bigize umubiri), ni co gituma baja ku mwanda muto mu buryo butandukanye. Igihimba c’umubiri w’umuhungu akoresha mu gusoba citwa imvyarabibondo. Iyo mvyarabibondo ituma umuhungu aja ku mwanda muto ahagaze. Igihimba umukobwa akoresha mu kuja ku mwanda muto kiri hagati y’amaguru yiwe. Biragoye yuko umukobwa ahagarara ariko aragira umwanda muto. Ivyiza ni uko abigeme n’abakenyezi bicara canke bagasutama bariko baragira umwanda muto kugira ntibisobeko bongere berekane indero nziza. Mu mico imwe imwe, usanga abahungu n’abagabo basutama mu kugira umwanda muto. Ni bo bahitamwo ico bashaka.

7. Umwana wanje ambajije ati: « ni kuki amahere yanje adahera? » nomwishura gute?

Urwaruka rwinshi ruragira amahere mu gihe c’ubuyabaga (igihe umubiri w’umwana uhindutse ukaba umubiri w’umuntu akuze). Amahere aboneka cane cane mu maso, kw’izosi, mu mugongo, mu gikiriza no ku bitugu. Ayo mahere arazimangana ku bantu benshi igihe ubuyabaga buheze. Ariko kuri bamwe, amahere ashobora kumara igihe kirekire canke ntazimangane. Amahere si ingorane ikomeye, mugabo aratuma abantu bumva batamerewe neza. Uribuka ko urwaruka rubona cane amahere yabo kurusha abantu barukikuje.

KUYAGA IVYEREKEYE ABAHUNGU
N'ABIGEME, ABAGORE N'ABAGABO



8. Umwana wanje ambajije ati: « mbe ni kuki papa na mama baryamana? » nomwishura gute?

Mama na papa bararyamana mugitanda kubera bakundana cane kandi bubatse. Hari aho bashima kuba bari kumwe ari bo bonyene. Abavyeyi barakunda cane abana babo. Kenshi abana bararyamana n’abavyeyi babo igihe bakiri bato cane. Ariko igihe umwana akuze hanyuma inzu y’umuryango ikaba yagutse, umwana aca aryama mu kindi cumba. Mu mico yacu, twibaza ko ari vyiza ko abahungu baryamana n’abandi bahungu hanyuma abakobwa bakaryamana n’abandi bakobwa.

9. Mbega noganira n’umwana wanje ibijanye n’imigenderanire n’uwundi muntu badasangiye igitsina afise imyaka ingahe?

Igihe ubonye ihinduka mu migenderanire y’umwana wawe n’uwundi muntu badasangiye igitsina haba hageze ko muganira. Barira umwana wawe ko kugiranira ubugenzi n’uwundi muntu badasangiye igitsina bishoboka igihe bariko barakura, kandi ko ivyipfuzo vyerekeye umuntu badasangiye igitsina bishobora guhinduka. Igihe imigenderanire y’umwana wawe ihindutse, ategerezwa kumenya akarimbi atarenga (Ahantu inyifato yiwe igera kugira yumve amerewe neza). Ni vyiza cane yuko amenya kuvuga ati « oya » canke gutahura uwundi muntu avuze ati « oya ».

KUVUGA IVYEREKEYE UBUTINYANKA



10. Mbega noyaga n'umwigeme wanje ibijanye n'ubutinyanka afise imyaka ingahe?

Abigeme bamwe bashobora kuja mu butinyanka ubwambere hakiri kare cane abandi bakajayo batevye cane. Ni vyiza cane yuko umukobwa wawe aba yiteguye imbere yuko aja mu butinyanka ubwambere. Uzotangure kuvugana n'umwigeme wawe afise imyaka iri hagati ya 8 na 10. Afise iyo myaka, azoba amaze kwumva bakuruwe canke abagenzi biwe bavuga ivyerekeye ubutinyanka.

11. Mbe ni ibiki nobarira umwigeme wanje ku bijanye n'ubutinyanka?

Ubutinyanka butegura umubiri w'umwigeme kugira uzokwibaruke ibibondo. Umwigeme wese afise utugi dutoduto twinshi turi mu dusaho (udusaho tubitse amagi). Azotakaza irigi rimwe rimwe igihe cose agiye mu butinyanka. Ubutinyanka busanzwe buza buri kwezi. Muri ico gihe irindi rigi riba ryiteguye nka hagati mu kwezi. Iryo rigi rica rigenda rivuye mu gasaho rigashika mu gitereko (ikibanza basamiramwo imbanyi). Iryo rigi rirashobora guhurira n'urubuto rw'umugabo mu gitereko. Igihe ivyo bishitse, umwana azoca atangura gukura. Igihe ivyo bitabaye, iryo rigi rizoca riva mu mubiri haciye nk'indwi zibiri, amaraso akazoca aseseka aciye mu gihimba c'irondeka c'umwigeme, aheze amare iminsi iri hagati y'4 n'7. Ivyo ntibisigura ko umwigeme arwaye, ariko birashika akababara canke akumva atamerewe neza.

12. Nofasha gute umwigeme wanje agiye mu butinyanka ubwa mbere?

Umwigeme agiye mu butinyanka ubwa mbere arashobora kugwa igihumura igihe atavyiteguriye. Barira umwigeme wawe yuko ubutinyanka budasigura ko arwaye. Ni ibintu bisanzwe, →

nta ndwara birimwo. Arashobora kunezerwa kuko nawe abaye nk'umukenyezi. Mubarire yuko nawe wumva bikunzeze. Musigurire ingene ubutinyanka bumeze (raba iki kibazo hejuru). Mubarire ingene yokoresha ibitambara vyiza bishobora gukora nka Cotex agatambara gasukuye gakoreshwa n'umwigeme ari m'ubutinyanka, kandi ushobora kumesura ugasubira ukabikoresha no kwuhagira igihimba c'irondoka ciwe kugira agumane isuku. Mubarire yuko kuva icyo gihe ashobora gusama inda icyihe yugira imibonano mpuzabitsina n'umuhungu.

13. Umwana wanjye ambajije ati: « mbega abahungu nabo barajya mu butinyanka? » nomwishura gute?

Oya, abahungu ntibashobora kuja mu butinyanka. Ubutinyanka butegura umubiri w'umwigeme kugira azosame imbanyi. Abahungu ntibashobora kwibungenga, nico gituma batajya mu butinyanka.

KUYAGA IVYEREKEYE IMBANYI (ABANA
BAFISE IMYAKA IRI HAGATI Y'4 NA 8)



14. Umwana wanje ambajije ati: « umwana aja mu nda ya mama canke akinjirayo gute? » nomwishura gute?

Ku mwana afise imyaka iri hagati y'4 n'6:

« Mama afise amagi menshi mu nda yiwe. Igihe irigi rimwe rihuye n'akabuto ka papa, haca haba akagi gato kaguma gakura buke buke kakazovamwo umwana ». Uwo mwana arashobora kubaza ibibazo vyinshi, ariko ntazokwigera abaza ati: « Ni gute irigi n'akabuto bihura? » - ntiharagera.

Ku mwana afise imyaka iri hagati y'6 na 8:

«Igihe mama na papa bagize imibonano mpuzabitsina, imbuto ziva mu gihimba ciwe c'irondoka hanyuma zikinjira mu gitereko ca mama (aho umwana akurira). Akabuto gahura n'irigi, hanyuma vyose bikavamwo umwana ». Igihe umwana wawe abajije ibindi bibazo, urashobora kuvyishura bivanye n'ingene atahura.

15. Umwana wanje ambajije ati: « umwana asohoka ava mu nda ya mama wiwe gute? » nomwishura gute?

Ku mwana afise imyaka iri hagati y'4 n'6:

Abana benshi bava mu nda ya mama wabo baciye mu ntoboro iri hagati y'amaguru ya mama. Iyo ntoboro isa n'uko ari ntoyi, ariko irashobora kwaguka kugira umwana arengane.

Ku mwana afise imyaka iri hagati y'6 n'8:

Umwana aca mu gihimba c'irondoka. Ni intoboro iri hagati y'amaguru ya mama. Iratandukanye n'intoboro amasobe aca-mwo. Igihimba c'irondoka c'umukenyenzi gifatanye n'igice kiri mu nda yiwe. Ico gice kiri mu nda citwa igitereko. Umwana akurira muri ico gitereko amezi icenda kugera igihe azoba ageze kuvuka. Hariho abana badashobora gusohoka baciye mu gihimba c'irondoka ca mama wabo. Umuganga aca yugurura inda y'uwo mukenyenzi kugira asohore umwana.

16. Umwana wanje ambajije ati: « mbega umwigeme asama inda afise imyaka ingahe? » nomwishura gute?

Umwigeme asama inda igihe amaze kuja mu butinyanka bwa mbere. Abakobwa bamwe baja mu butinyanka ubwa bwambere bafise imyaka 9 canke 10, abandi bafise imyaka 16. Abakobwa benshi baja mu butinyanka ubwa mbere hagati y'iyi myaka. Indwi zibiri imbere yuko baja mu butinyanka ubwa mbere, irigi ry'umwigeme riba ryiteguye. Arashobora gusama inda igihe agize imibonano mpuzabitsina ico gihe.

KUYAGA IBIJANYE N'IMBANYI
N'UMWANA WANJE AMAZE GUKURA
(AFISE IMYAKA 8 CANKE IRENGA)



17. Umwana wanje ambajije ati: « mbega umwigeme yoshobora gusama inda agize imibonano mpuzabitsina ubwa mbere? » nomwishura gute?

Umwigeme arashobora gusama inda igihe cose uruboto rwiwe rwa mbere rushobora guhishira. Navyo bikunze gushika imbere y'indwi zibiri yuko abona ubutinyanka bwiwe bwa mbere. N'aho yoba akiri muto cane, arashobora gusama inda agize imibonano mpuzabitsina ubwa mbere

18. Umwana wanje ambajije ati: « mbega umwigeme canke umugore asama inda igihe cose agize imibonano mpuzabitsina? » nomwishura gute?

Umwigeme canke umukenyezi ntasama inda igihe cose agize imibonano mpuzabitsina. Bivana n'igihe yagiriye iyo mibonano mpuzabitsina n'igihe irigi ryiteguye. Igihe agize imibonano mpuzabitsina mu masaha 24 irigi ryamaze kwitegura, arashobora gusama inda. Iri rimara amasaha 24 ari rizima. Igihe rero agize imibonano mpuzabitsina mu misi 3 imbere y'uko irigi ryitegura, arashobora gusama inda igihe imbuto z'umugabo zikomeye cane kandi zigashobora kubaho imisi 3. Imbuto z'umugabo zirashobora kubaho n'imisi 5. Mugabo ivyo bishika gake. Igihe agize imibonano mpuzabitsina mu misi 5 canke irenga imbere y'uko irigi ryitegura, canke mu masaha arenga 24 irigi ryamaze kwitegura, biragoye ko asama inda.

KUYAGA IBIJANYE N'IMIBONANO
MPUZABITSINA N'INGARUKA ZAYO




19. Mbega imibonano mpuzabitsina hagati y'abasangiye umuryango imeze gute? Mbega nobiyaga n'umwana wanje gute?

Imibonano mpuzabitsina hagati y'abasangiye umuryango yerekeye abantu bari mu muryango umwe: hagati y'abana n'abavyeyi, hagati ya gishiki na gisaza, hagati y'abasokuru, abanyokuru, canke hagati y'abandi bose bagize umuryango umwe. Iyo mibonano mpuzabitsina iratandukanye n'inyifato y'abana babiri bashaka kumenya ingene imibiri yabo ikora. Hari aho abana bashaka gushira mu ngiro ivyipfuzo bijanye n'ibitsina hamwe na bashiki babo canke na basaza babo bakiri bato. Igihe iyo nyifato yabo igarukira ku gukoranako no kurabana gusa, ntibiba biraba ivyo twise « imibonano mpuzabitsina hagati y'abasangiye umuryango ». Abavyeyi bategerezwa kubarira abana babo ko kizira ko haba imigenderanire mpuzabitsina hagati y'umwana n'umuntu akuze. Biramutse bishitse umwana wanyu ategerezwa kubibamenyesha ningoga.

20. Umwama wanje ambajije ati: « mbega ni bibi kugira imibonano mpuzabitsina n'abantu benshi? » nomwishura gute?

Kugira imibonano mpuzabitsina n'abantu benshi ntibituma utakaza ubushobozi bwo kugira iyo mibonano. Ariko rero, kugira imibonano mpuzabitsina n'abantu batandukanye bizotuma ushobora kwandura indwara zifatira mu bihimba vy'irondoka (indwara umuntu yandura biciye mu mibonano mpuzabitsina), canke umugera wa SIDA igihe woba utikingiye neza (nk'iyi utakoresheje agakingirizo).

KUVUGA IBIJANYE N'UMUGERA WA SIDA



21. Umwana wanje ambajije ati: « umuntu yandura umugera wa SIDA gute? » nomwishura gute?

Umugera wa SIDA urashobora kwandurwa (uva mu muntu uja mu wundi) biciye mu mibonano mpuzabitsina idakingiye (kugira imibonano mpuzabitsina hadakoreshejwe agakingirizo) n’umuntu agendana umugera wa SIDA. Uwo mugera urashobora kwandukira biciye mu gutera umuntu amaraso yanduye (igihe bongerereje umuntu amaraso kw’ivuriro ariko abavuzi baritwararika cane gusuzuma ko ayo maraso atanduye) arimwo uwo mugera wa SIDA. Urashobora kandi kwandukira biciye mu gusangira impindu, inshinge canke ibindi bintu bisongoye bitobora urukoba (kuko ivyo bintu biba vyandujwe n’amaraso arimwo umugera wa SIDA). Uwo mugera wa SIDA urashobora no kwandukira hagati y’umwana na nyina mu gihe yibungenze, ariko aribaruka canke mu gihe ariko aronsa umwana. Umugera wa SIDA utera abasoda bakingira umubiri, intambwe ku yindi. Dushobora kuvuga ko umuntu agwaye indwara ya SIDA igihe abasoda bakingira umubiri batakaje inguvu ntibababagishobora kugwanya imigera itandukanye ishobora gutera izindi ngwara z’ivyuririzi.

22. Umwana wanje ambajije ati: « mbega umuntu yokwandura umugera wa SIDA biciye mu mate? » nomwishura gute?

Ntibishoboka. Umuntu agendana umugera wa SIDA afise imigera mike cane ya SIDA mu mate yiwe (amazi ahingurirwa mu kanwa). Mu bisanzwe, umugera wa SIDA ntushobora guhererekanwa muri ubwo buryo. Igihe umuntu agendana umugera wa SIDA afise ibisebe mu kanwa canke afise ibinyigishi biva amaraso, birashoboka gushika gake cane yuko umugera wa SIDA uhererekanwa biciye mu mate, nko mu gusomana.

INGENE NOCUNGERA IMIGENZO Y'UMWANA WANJE MU BIJANYE N'IBITSINA



23. Ni izihe mpanuka zishobora gushikira umwana wanjye w'umuyabaga aramutse agize imibonano mpuzabitsina idakingiye?


Imibonano mpuzabitsina idakingiye isigura yuko ata gakingirizo kakoreshejwe. Agakingirizo karakenewe cane igihe umuntu agomba kugira imibonano mpuzabitsina n'abantu barenga umwe. Kudakoresha agakingirizo bizana impanuka nyinshi. Mu gihe habaye imibonano mpuzabitsina ibera mu gihimba c'irondoka c'umwigeme (igihimba c'irondoka c'umuhungu cinjira mu gihimba c'irondoka c'umwigeme), umwigeme arashobora gutwara imbanyi igihe adakoresheje uburyo bwo kwikingira (nko kumira ibinini). Umwigeme n'umuhungu barashobora bose kwandura umugera wa SIDA canke izindi ndwara zifatira mu bihamba vy'irondoka. Imibonano mpuzabitsina ibera mu kanwa (kwonka canke gufeta igihimba c'irondoka c'umuhungu canke c'umwigeme - akabezi bita kandi rugongo), umwigeme ntashobora gusama imbanyi. Ariko abo bantu uko ari babiri barashobora kwandura indwara zifatira mu bihamba vy'irondoka. Barashobora kandi kwandura umugera wa SIDA igihe umwe muri bo afise ibikomere mu kanwa, ku gihimba c'irondoka c'umuhungu canke kuri ako gace k'umwigeme. Mu gihe c'imibonano mpuzabitsina ibera mu kibuno kandi idakingiye (igihimba c'irondoka c'umugabo cinjira mu kibuno), nta mbanyi umuntu ashobora gusama. Ariko rero birashoboka cane ko abo bantu babiri bandura umugera wa SIDA canke indwara zifatira mu bihamba vy'irondoka.

24. Nobigenza gute umwana wanjye w'umuyabaga afise imigenderanire y'urukundo canke nocungera gute imigenzo y'umwana wanjye ijanye n'ibitsina?

Abavyeyi nka bose baratinya yuko abana babo b'imiyabaga bagira imibonano mpuzabitsina mu gihe bafise imigenderanire →

y'urukundo irimwo kugendana badasangiye igitsina. Kugira imigenderanire y'urukundo ishingiyeye ku kugendana n'umuntu si bibi igihe umuntu wese azi akarimbi kiwe. Abavyeyi bashaka gukingira abana babo impanuka zerekeye imibonano mpuzabitsina idakingiwe. Mugabo kugerageza kubuza umwana wawe kugira imigenderranire yerekeye ibitsina ntaco bizogufasha namba. Umwana wawe arashobora kubikora yinyegeje, atazi ingaruka zishobora gushika. Utegerezwa kwemera yuko umwana wawe afata ingingo we nyene mu vyerekeye ubuzima bujanye n'ibitsina. Vugana n'umwana wawe ivyerekeye imibonano mpuzabitsina hamwe n'imigenderanire. Muhe amakuru yose akeneye kugira afate ingingo nziza igihe hazoba hageze. Mubarire impanuka n'ingene yokwikingira ubwiwe (akoresheje udukingirizo canke akirinda kugira imibonano mpuzabitsina).

IBINDI BIBAZO?



25.

Ni hehe noja kuronderera amakuru yomfasha?

Aya mashirahamwe akurikira arashobora kubaha amakuru menshi canke intererano mu vyerekeye ugukura kw’umwana n’imibonano mpuzabitsina.

Ku bibazo canke amakuru rusangi ajanye n’irondoka rijanye n’amagara meza, mushobora kubariza:

- **PNSR**
Umugambi w’igihugu ujejwe irondoka rijanye n’amagara meza, Bujumbura.
Tel 22 222838 ou 22 235348.
- **CARE International au Burundi**
Avenue Mwezi Gisabo 30, Bujumbura.
Tel: 22 214660.
- **Cordaid-Burundi**
9 Rohero 1, Avenue du Marché, Bujumbura.
Tel: 22 210199.
- **UNFPA-Burundi**
IMHQ BNUB, Chaussé D’Uvira, Bujumbura.
Tel: 22 205754.

Ku makuru ajanye n’irondoka rijanye n’amagara meza hamwe mushobora guhamagar kuri gusa muri SaCoDe mukurungika ubutumwa bugufi ku numéro 171 canke guhamagara kuri 22 279025.

- **SaCoDe**
Avenue de France 11, Rohero II, Bujumbura.

Kuronka amakuru kubijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza hamwe no kuronka uburyo bwo gutandukanya imvyaro:

- **ABUBEF**

(Association Burundaise pour le Bien être Familial),
Commune Bwiza, Quartier Jabe, Avenue de l'Imprimerie,
Bujumbura.

Tel : 22 232936 ou 22 248472.

Mushobora kubariza kandi ABUBEF Ngozi, Muyinga, Gitega,
Kirundo, Rumonge no mu mavuriro yose ya Reta abegereye.

Kubijanye no gutandukanya imvyaro, bariza muri « Tunza » (muri mu gisagara ca Bujumbura, Bujumbura Rural, Gitega, Ngozi, Kayanza na Rumonge, no mu mavuriro yose ya Reta abegereye):

- **PSI-Burundi**

Ultimate Tower, Avenue Ngendandumwe 28, Rohero 1,
Bujumbura.

Tel: 22 229466.

Amakuru ajanye no kugwanya umugera wa SIDA harimwo no kuvura abanduye:

- **ABS**

(Alliance Burundaise contre le Sida et pour la promotion de la santé), Rohero II, Avenue de l'Amitié 9, ABC Building, 1er étage, B9. Tel: 22 248759, no mu mavuriro yose ya Reta abegereye.

Kubijanye n'amakuru canke gufasha uwashurashujwe ku nguvu:

- **Centre Seruka**

Avenue Rukonwe 28, Kigobe nord, Bujumbura.

Tel 22 248730, no mu mavuriro yose ya Reta abegereye.

Kubijanye n'amakuru hamwe no gufasha abigeme:

- **APFB**

(Association pour la Promotion de la Fille Burundaise),
Chaussée du Prince Rwagasore, Galerie les Arcades, 1er étage,
Bujumbura.

Tel: 22 254231.



Colophon

Uwashushanije		Ishirahamwe Illustrators Services, Burundi illustrator.services@gmail.com
Uwashushanije		Conceptkracht.nl

© Kirakingiwe. Rutgers na CARE International au Burundi, Ruheshi 2016

MA,

MBEGA ABANA

BAVA HE?



Defending dignity.
Fighting poverty.

Rutgers

Pour la santé et
les droits sexuels
et reproductifs

Uburyo bwatanzwe:



Royaume des Pays-Bas